

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

A proud partner of the American Job Center network

FWA VITYÈL SOU KARYÈ PWOFEYONÈL MINISTÈ TRAVAY ETA NOUYÒK (NYS DOL VIRTUAL CAREER FAIRS)

Yon Resous pou Biznis

KISA KI YON FWA VITYÈL SOU KARYÈ PWOFEYONÈL?

Yon fwa vityèl sou karyè pwofesyonèl se yon solisyon dinamik pou ede antrepriz yo soti nan limit evènman rekritman tradisyonèl yo. Nan ba yo yon platfòm sou entènèt, Ministè Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor) rann li posib pou antrepriz yo ak moun k ap chèche djòb konekte nan yon anviwonman vityèl an tan reyèl, pandan y ap kenbe sansasyon fanmiye a ak rezilta pozitif yon evènman fizik.

PLATFÒM SOU ENTÈNÈT LA

Ministè Travay Eta Nouyòk kontan anpil pou li entwodui nouvo anviwonman dijital sa a k ap pèmèt ou jwenn pi bon talan pandan ke l ap fasilite yon pi bon eksperyans rechèch travay pou kandida potansyèl.

Patikilarite sa yo se:

- Konsepsyon adapte sou aparèy mobil avèk kapasite itilizatè ilimite
- Afich ki ka pèsonalize
- Kapasite pou fè yon difizyon sou entènèt pandan evènman an dirèk

FASON L FONKSYONE:

Enskri! Enskri pou evènman an avèk lyen envitasyon an

Prepare! Prepare izolwa Vityèl la avan evenman an itilize logo, imaj, deskripsyon djòb, videyo, lyen, ak plis!

Afiche! Konekte a fonksyon chat la pou w rejwenn evènman an nan jou evènman an dirèk

- Angaje kliyan ki pase bò izolwa w la
- Resevwa yon kopi cv nenpòt vizitè ki pase bò izolwa w la

JOUNEN APÈSI

Jounen apèsi a ap fèt nan jou avan evènman an ak jiska kòmansman evènman an dirèk la. Nan jounen apèsi a, moun k ap chèche travay yo ka navige afich egzibitè yo ak opòtinite anplwa avan evènman an dirèk la pou w vin abitye avèk sit evènman an dirèk la.

JOU EVÈNMAN AN DIRÈK LA

Evènman an dirèk la se lè moun k ap chèche travay yo ka navige afich egzibitè yo ak divès opòtinite anplwa, ak konvèsasyon avèk divès moun k ap fè rekritman ak antrepriz.

AVANTAJ

- Analize cv kandida yo avan evènman an dirèk la
- Konvèsasyon an prive avèk kandida pou diskite kalifikasyon ak detay sou djòb yo
- Mete anpil moun la ki pou fè rekritman pou konpayi w la ki konekte avèk evènman an pou konvèsasyon!
- Opsyon pou apèl videyo avèk kandida
- Analize konvèsasyon tyat la ak cv yo aprè evènman an epi chwazi kandida ki pi konsekan yo
- Ekonomize lajan ak tan esansyèl nan elimine bezwen kite sit travay pandan tout jounen an pou vwayaje epi kanpe bò yon kontwa
- Ou ka kontinye travay pandan ke w nan rankont avèk kandida yo nan pwòp konfò espas kote w ap travay.

SIPÒ TEKNIK

Pèsonèl Ministè Travay Eta Nouyòk yo pral sipèvizè tout pwosesis la epi bay sipò teknik pou etabli izolwa vityèl ou a epi navige sit evènman an dirèk la.

NAVIGATÈ GOOGLE CHROME WEB

Google Chrome se navigatè ki rekòmande pou ni sit prensipal lan ak sit an dirèk la. Lòt navigatè yo ka gen difikilte pou yo konekte a konvèsasyon la oswa konekte sou sit prensipal la.

*Mesaj Sistèm Sekirite pou Biznis: Si antrepriz ou a gen règleman Sistèm Sekirite entènèt an plas, sa yo ka fè enpak negatif sou koneksyon an, itilize fonksyonalite sit la.

KONTAK

Pou plis enfòmasyon oswa enskri pou yon fwa vityèl sou karyè pwofesyonèl ki pral fèt, kontakte Ekip Evènman Vityèl nou an nan VirtualJobFairs@labor.ny.gov.